



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPOZISYON KAPITÒL LA PRAL OUVRI POU  
ONORE NOUYÒKÈ AFRIKEN-AMERIKEN ENPÒTAN YO YON FASON POU  
REKONÈT MWA ISTWA MOUN NWA**

*Yon Moun y ap Onore te Resevwa Meday Bravou New York la*

*Ekspozisyon an pral Kontinye Jiska Fen Mwa a epi W ap jwenn Foto yo [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ekspozisyon Mwa Istwa Moun Nwa a pral ouvri nan Kapitòl Eta New York la. Pou yo rekonèt 50èm Anivèsè asisina Doktè Martin Luther King, Jr. la, ekspozisyon an, ki titre “Strength of Generations” (“Fòs Jenerasyon yo”), mete aksan sou kijan moun k aelwe lavi lòt moun ak kominote yo pou yo afekte chanjman ki ka benefisye yon jenerasyon.

Ekspozisyon an ap onore premy doktè lisansye Afro-Ameriken nan peyi a, yon ajan estasyon Chemen Fè Klandesten an, abolisyonis ak aktivis, yon dramatis transfòmè 20èm syèk, yon pastè Harlem ki te sèvi yon fwa kòm chèf kabinè Doktè Martin Luther King, Ayisyen-Ameriken ki prezidan Lekòl Medsin SUNY Rejyon Nò a (SUNY Upstate Medical University) ki te konsantre karyè l sou katye defavorize yo, ak Senp Sòlda Gad Nasyonal New York la, Emmanuel Mensah, ki se yon imigran ki soti Ghana ewoyis altwis li te sove lavi kat vwazen l nan ensandi ki te fèt resaman nan Bronx lan.

“Nou fyè pou nou onore bòn aksyon enkwayab ak akonplisman Nouyòkè Nwa sa yo ki te aji ak kouraj pou amelyore lavi lòt moun epi chanje trajektwa nasyon sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen espere epi mwen atann sila yo k ap vizite Kapitòl Eta a pral atire enspirasyon nan lavi fanm ak gason eksepsyonèl sa yo epi selebre anpil kontribisyon ak sakrifis pou rann sa yon inyon ki pi jis ak pi egal.”

Jodi a, kominote nwa a reprezante prèske youn nan chak senk Nouyòkè epi l ap divèsifye rapidman pandan imigran ki soti Afrik, Karayib, ak atravè lemond yo kontinye agandi fanmi New York la.

Ekspozisyon an ap fèt nan War Room, nan dezyèm etaj Kapitòl Eta New York, e l ap an plas jiska fen mwa Fevriye. Ekspozisyon sa a ap mete chapo ba devan akonplisman lidè Afro-Ameriken ki annapre yo (e ki annòd alfabetik):

**Lorraine Hansberry (1930 - 1965):** Yon ekriven Vil New York ak aktivis dwa sivil ki te gen liv “A Raisin in the Sun” (“Yon rezen nan solèy”) novatè te rann li vin premye fanm Afro-Ameriken ki te gen yon pyès teyat yo reyalize nan Broadway.

**Elizabeth Jennings Graham (1827 - 1901):** Antanke yon jèn anseyan ki ta pral legliz nan Manhattan, Jennings te defann dwa li antanke yon “moun nwa” ka monte yon tram, prèske yon syèk avan Rosa Parks te ensite yon bòykòt bis nan Alabama.

**John W. Jones (1817 - 1900):** Yon ansyen esklav yo te anboche kòm yon sakristen legliz ki te ede yon estime 800 esklav an fwit jwenn libète yo antanke lidè estasyon Chemen Fè Klandesten Elmira a.

**Doktè Danielle Laraque-Arena (1956 - prezan):** Yon pedyat lidè ak yon chèchè ak Prezidan Lekòl Medsin SUNY Rejyon Nò a nan Syracuse, ki se Ayisyen-Ameriken ki te konsantre karyè l sou amelyorasyon sante katye defavorize yo.

**Sòlda Senp Gad Nasyonal New York la, Emmanuel Mensah (1991 - 2017):** Yon imigran ki soti Ghana ewoyis altwis li te sove lavi kat vwazen nan ensandi ki te fèt resaman nan Bronx lan. Gouvènè Cuomo te akòde Senp Sòlda Meday Bravou New York la aprè lanmò li. Pi gran onè militè Eta New York la pou aksyon ewoyis moun fè andeyò ak sou chan batay la.

**Dr. James McCune Smith (1813 - 1865):** Premye Doktè Afro-Ameriken nan nasyon an, ki, apre li te diplome nan fakilte medsin an Ekòs, te sèvi kòm doktè pou Òfelen Nwa ki an Azil nan New York yo epi li te opere premye famasi moun nwa posede nan peyi a.

**Mary Burnet Talbert (1866 - 1923):** Yon pyonè kòmansman mouvman Dwa Sivil la, nan Buffalo ak atravè nasyon an, ki te defann sifraj fanm, epi pandan lè Gè Mondyal la, li te sèvi kòm yon enfimyè aletranje ak Lakwa Wouj.

**Reveran Doktè Wyatt Tee Walker (1928 - 2018):** Yon pastè Harlem depi byen lontan ki te jwe yon wòl entegral nan mouvman dwa sivil 20èm Syèk la, ki te sèvi yon fwa kòm chèf pèsonèl Doktè Martin Luther King Jr. la.

Y ap ekspoze *Their Glory Can Never Fade: The Legacy of The Harlem Hellfighters*, nan Galri Komoratif Vietnam lan ki sitiye nan Bldg Jistis Robert Abrams lan ki nan Empire State Plaza, soti 1e Fevriye 2018 rive 28 Fevriye 2019. Lè ekspozisyon yo se lendi-vandredi, 8:30 è a.m. a 4 è p.m. epi ak randevou. Ekspozisyon sa eksplore istwa ak eritaj rejiman ki te gen sèlman Afro-Ameriken ki te soti New York yo te voye goumen an Frans nan lè Gè Mondyal la. Yo te otorize yo an 1913, epi yo te baze nan Harlem, 369èm Rejiman Enfantri a, yo te konn rele 15èm Enfantri Gad Nasyonal New York la, te premye rejiman Afro-Ameriken nan Gad Nasyonal New York la. Avan Gè a, 369èm lan te rasanble tou mizisyen Afro-Ameriken ak Pòtoriken ki gen talan pou yo fòme yon gwoup rejimantal enpresyonan ki te enfliyanse devlopman mizik jazz la. 369èm lan se rejiman Ameriken ki te sèvi pandan pi lontan pandan lè Gè Mondyal la, epi lame Alman te bal tinon “Konbatan Lanfè” (Hellfighters) akòz aksyon yo te fè sou chan batay la. Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou ekspozisyon an, vizite [www.empirestateplaza.org](http://www.empirestateplaza.org).

Ekspozisyon Mwa Istwa Nwa Kapitòl la, ki titre “Strength of Generations”, gratis epi ouvè pou piblik la. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou vizite Kapitòl Eta New York, tanpri ale nan: <http://www.ogs.ny.gov/esp/ct/tours/Capitol.asp>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)